# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–01 मार्च 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बनारस के दौरा कइलें। येह मौका पर उहां के सर्किट हाऊस में अधिकरियन के साथे बइठक कई के विकास परियोजना आ कानून व्यवस्था क समीक्षा कइलें। उहां के सज्जो विकास परियोजना के तय समय में बढ़िया से पूरा कइले क निरदेस दिहलीं। मुख्यमंत्री भारतीय जनता पार्टी काशी क्षेत्र क समन्वय बइठकियो में भी सामिल भइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्ही लखनऊ में अपने सरकारी आवास में सासन के सीनियर अधिकरियन के साथे बइठकी कई के होली, रमजान अउरी ईद समेत आवे वाला तिउहारन के लेके परसासनिक तइयारियन क समीक्षा कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि तिउहारन पर माहौल बिगाड़े क कोसिस करे वाले उपद्रवियन के खेलाफ कड़ेर कारवाई कइल जाई। सामाजिक सौहारद आ कानून व्यवस्था से खेलवाड़ करे वालन क एक्को हरकत बरदास नाही कइल जाई। मुख्यमंत्री होलीका दहन समिति अउर पीस कमेटियन क बइठक जरूर बोलावे निरदेस दिहलें। उहां के होली में रोडवेज के अउरियो बस चलवले अउरी बोर्ड परीक्षा के देखत लगतारे बिजली दीहल तय कइले क निरदेस देहले। येह बइठकी में में जोन, रेंज, मंडल अउर जिला के अधिकारी लोगि वीडियो कान्फ्रेंसिंग के जरिया से जुडले।

**********

ईरान क सबसे बड़ा नेता अयातुल्ला अली खामेनेई क अमेरीका अउर इस्राएल के हवाई हमला में मउति हो गइल हौ। इरान क सरकारी टेलीविजनो खामेनेई के मउति के खबर के सही बतवले हौ। ईरान में 40 दिन क राजकीय सोक घोसित कइल गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

**खबरों के मुताबिक, ईरान के सर्वोच्च नेता की मौत अमरीका और इस्राएल के संयुक्त हवाई हमले के बाद हुई है, जिसमें ईरानी सैन्य और सरकारी ठिकानों को निशाना बनाया गया। एक वरिष्ठ इस्राएली अधिकारी के अनुसार, खामेनेई का शव बरामद किया गया है। इससे पहले, ईरान के सर्वोच्च नेता खामेनेई के कार्यालयों के पास तेहरान समेत कई शहरों में विस्फोटों की खबर मिली। ईरान सरकारी मीडिया ने कम से कम दो सौ से अधिक लोगों की मौत और सात सौ से अधिक लोगों के घायल होने की सूचना दी है। समाचार कक्ष से फरहत नाज।**

ईरान क सरकारी टेलीविजन उहां के रक्षामंत्री अउर सैन्य प्रमुखो क हवाई हमला में मौत हो गइले क जनकारी दिहले हौ।

**********

पश्चिम एशिया के सज्जो भारतीय दूतावास भारतीय नागरिकन से ईरान पे अमेरीका अउर इस्राएल के हमला के देखत सज्जों सुझाव मनले क अपीलि कइले हौ। भारतीय नागरिकन से बेवजह आवाजाही से बचले के कहल गइल हौ। कउनो इमरजेंसी में सहायता बदे हेल्पलाइन नंबरो जारी कइल गइल हौ। एगो रिपोर्ट।

**इस्रायल में भारतीय दूतावास.972–54–7520711 पर संपर्क किया जा सकता है। ईरान की राजधानी तेहरान स्थित भारतीय दूतावास का नंबर हैं.989932179359. संयुक्त अरब अमीरात की राजधानी अबूधाबी के भारतीय दूतावास का टोल–फ्री नंबर 800–46342 । सऊदी अरब के रियाद स्थित भारतीय दूतावास का नंबर है– 00–966–11–488–4697 । कतर की राजधानी दोहा स्थित भारतीय दूतावास का नंबर है– 00974–556–475–02 । कुवैत स्थित भारतीय दूतावास से संपर्क के लिए हेल्पलाइन नंबर है–.965–655–019–46 । बहरीन स्थित भारतीय दूतावास का नंबर है– 00–973–394–180–71 । समाचार कक्ष से शक्ति सिंह।**

**********

बनारस में आजु एक घंटा क तय समय में 2 लाख 51 हजार 4 सौ 46 पौधा रोपले क नया विश्व रेकार्ड बनावल गइल। एकरे पहिले ई रेकार्ड 1 लाख 53 हजार 9 सौ 81 पौधा रोपे वाले चीन क एगो कंपनी के नाम रहे। बनारस के सूजाबाद डोमरी क्षेत्र में ई पौधरोपण आयोजित भइल। येह विसेस अभियान में राज्य सरकार के कई गो विभागन के साथे सेना, पुलिस, एनडीआरएफ के जवान अउरी बढ़हन संख्या में विद्यार्थी लोगि सक्रिय सहभागिता निभवलें। गिनीज वर्ल्ड्स रिकॉर्ड्स क प्रतिनिधि पौधरोपण क गणना अउरी एकरे पुष्टि के बाद बनारस के मेयर अशोक कुमार तिवारी के विश्व रेकार्ड का प्रमाणपत्र सौपलें।

**********

उत्तर प्रदेस अधीनस्थ सेवा चयन आयोग चिकित्सा एवं स्वास्थ्य निदेशालय में फार्मासिस्ट क 5 सौ 60 पद बदे विज्ञापन जारी कइलें हौ। आवेदकन से 9 मार्च से 29 मार्च ले ऑनलाइन आवेदन मांगल गइल हौ। एकरे बदे प्रारंभिक अर्हता परीक्षा 2025 वाले अभ्यर्थी पात्र होइहें।

**********

आईसीसी टी–20 क्रिकेट विश्व कप के सुपर–8 के आखरी मैच में आजु संझा कोलकाता के ईडन गार्डन्स स्टेडियम में भारत क मोकाबिला वेस्टइंडीज से होई। दुन्नू टीम बदे ई मोकाबिला बहुते खास हौ। जीते वाली टीमि सेमीफाइनल में पहुंच जाई। ई मैच संझा 7 बजे से सुरू हो जाई।

**********